



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/20/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO RÈGLEMAN POU PWOTEJE TRANS-SEKSYÈL NOUYÒKÈ YO KONT DISKRIMINASYON KAP ANTRE ANVIGÈ JODIA

Nan mwa Oktòb 2015, Gouvènè Cuomo te vini premye egzekutif nan peyi a pou fè soti règlemantasyon nan tout eta ki entèdi asèlman ak diskriminasyon baze sou idantite seksyèl, estati trans-seksyèl oswa disfori seksyèl

Ou ka wè nouvo règleman yo [la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Divizyon Dwa Imen Eta New York te adopte nouvo règleman ki entèdi diskriminasyon ak asèlman kont moun trans-seksyèl yo. Règleman yo ap antre anvigè jodia, epi afime ke moun trans-seksyèl yo pwoteje anba lwa sou Dwa Imen eta. Tout anplwayè piblik ak prive yo, founisè lojman, biznis, kredite ansanm avèk lòt moun ta dwe konnen ke diskriminasyon kont moun ki trans-seksyèl ilegal e nou pap tolere l okenn kote nan eta New York.

Gouvènè Cuomo te premye entwodui règleman sa yo nan mwa oktòb— make premye fwa ke okenn lòt Gouvènè pat pibliye règleman nan tout eta pou entèdi asèlman ak diskriminasyon sou baz idantite seksyèl, estati trans-seksyèl oswa disfori seksyèl.

“Jodia nap voye yon mesaj fò ak klè ke New York pap kanpe pou diskriminasyon kont moun trans-seksyèl yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Li entolerab pou pèmèt asèlman oswa diskriminasyon kont nenpòt moun, e kominote trans-seksyèl la te sijè a kondisyon dezyèm klas pandan twò lontan. Sa a se yon pwoblèm jistis debaz e mwen fyè paske New York ap kontinye dirije nan direksyon delavan.”

Eta New York te gen yon istwa long nan pwoteje dwa moun ki trans-seksyèl dapre dispozisyon lwa sou dwa imen. New York se te premye eta nan peyi a pou adopte yon lwa anti-diskriminasyon sou dwa imen. Lwa ki te adopte nan 1945 la, bay chak sitwayen “yon opòtinite egal pou pwofite de yon lavi ki plènmman pwodiktif.” Moun yo ki panse ke yo te sibi asèlman oswa diskriminasyon ka depoze plent yo nan tribinal Eta, oswa avèk Divizyon Dwa Imen nan Eta New York, san yo pa peye anyen. Yo envestige plent sa yo rapidman nan biwo rejyonal yo toupatou nan eta.

Dapre lwa eta, Divizyon an gen pouvwa legal pou pwomilge règleman ki entèprete lwa sou dwa imen. Règleman an konfime ke Divizyon Dwa Imen ap aksepte epi trete plent ki gen rapò a lwa sou dwa imen swadizan diskriminasyon akoz idantite seksyèl, sou baz kategori pwoteje alafwa sèks ak andikap, epi bay enfòmasyon enpòtan pou tout

Nouyòkè osijè diskriminasyon ilegal kont moun trans-seksyèl yo.

Si divizyon an detèmine ke gen koz pwobab pou kwè asèlman oswa diskriminasyon te fèt, Komisyonè dwa imen an ap deside ka devan yon odyans piblik, e li ka atribye travay, lojman oswa lòt avantaj, peman devan dèyè, domaj konpansatwa pou angwas mantal, amann ak penalite sivil, e li ka egzije tou chanjman nan règleman ak fòmasyon jan sa apwopriye. Amann ak penalite sivil kapab jiska \$50,000 oswa jiska \$100,000 si yo jwenn ke diskriminasyon an "volontè, deregle oswa malveyan " e, kontrèman dapre lwa federal, konpansasyon domaj pou moun sa yo pa plafonnen.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418